

RINGKESAN

Time Token mangrupikeun métode pangajaran anu boga tujuan sangkan siswa aktif jeung kreatif dinu nyajikeun teks persuasi ku cara tulis jeung lisan. Panalungtikan ieu ngabogaan tujuan pikeun nangtukeun kaefektifan métode time token nu diterapkeun ka siswa kelas VIII SMP Nusantara Bandung pikeun nyajikeun teks persuasi ku cara tulis jeung lisan. Ku ayana kitu, nu nulis ngaru-muskeun masalah diantarana nyaéta: 1) Dupi nu nulis tiasa ngarencanakeun, ngalaksanakeun, jeung ngévaluasi kamampuan nyajikeun teks persuasi ku cara tulis jeung lisan nganggo métode time token? 2) Naha aya beda pangabisa siswa dinu nyajikeun teks persuasi ku cara tulis jeung lisan sateuacan jeung saatos diterapkeun métode time token? 3) Naha aya bedana pangabisa nyajikeun teks persuasi ku cara tulis jeung lisan siswa kelas eksperimen anu diterapkeun métode time token jeung kelas kontrol anu diterapkeun métode diskusi? 4) Kumaha kaefektifan métode time token dina pangabisa siswa dina nyajikeun teks persuasi ku cara tulis jeung lisan? 5) Naha aya bedana kaefektifan métode time token jeung métode diskusi? Hasil tinu panalungtikan nyaéta: 1) Nu nulis meunangkeun peunteun rata-rata 3,65. 2) Pretes di kelas éksperimén peunteun panghandapna nyaéta 25, sedeng 56, jeung pang luhurna 79. Sedengkeun dina postes, handapna nyaéta 62, sedeng 90, jeung pang luhurna 100. Salian ti éta, peunteun rata-rata pretes 56,83 sedengkeun, postes 85,86. 3) Dina nguji kucara independent sampels nilai signifikansina nyaéta $0,000 < 0,05$. Hal ieu ngabuktikeun yén aya bedana antara kelas eksperimen jeung kontrol. 4) dinu hasil uji paired sampels t test, nilai signifikansi (2-tailed) kelas éksperimén nyaéta $0,000 < 0,05$ anu ngartikeun yén di kelas éksperimén ngalaman pinunjul anu signifikan. Kuayana ieu, bisa disimpulkeun yén métode time token efektif diterapkeun. 5) Dibuktikeun ku hasil rata-rata N-Gain kelas éksperimén nyaéta 65,38 jeung kelas kontrol 27,16. Ku ayana kitu, bisa disimpulkeun H_a ditarima sedengkeun H_o ditolak kusabab $\mu_1 > \mu_2$.

Kecap konci: nulis, ngomong, teks persuasi, jeung métode time token